

PANGAJARAN TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

A. MACA

Sumber Atikan Moral

Di kelas hiji caturwulan dua, pangajaran tujuh, hidep kungsi nyaritakeun rarancang kagiatan, ti mimiti nyieun jadwal, waragad, nepi ka nyieun surat ondangan. Dina ieu bagian hidep kudu diajar nyusun laporan anu temana sumber atikan moral. Atikan moral teh ajaran perkara hade goreng ngeunaan kalakuan, sikep, kawajiban, ahlak, budi parangi, etika, jeung susila.

Bahan laporkeuneun perkara sumber moral teh rupa-rupa, bisa tina falsafah nagara, budaya, jeung bisa tina ajaran agama. Ieu di handap aya tilu wacana nu patali jeung moral.

1. *Kagiatan* TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

Tujuan:

1. Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta dapat mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

AMAR MA'RUF NAHI MUNKAR

Sadaya puji kagungan Alloh, Mahasuci Alloh, Mahawelas, Mahaasih tur Mahaagung Alloh. Mung ka Alloh urang nyembah sareng nyuhunkeun pitulung.

Solawat kalih salam kawilujengan mugia sapapaosna ka jungjunan urang, Kangjeng Nabi Muhammad saw., ka para kulawargina, para sohabatna, anu nareraskeun ajaran-Na, atuh mugia urang janten umat anjeunna. Amin.

Dina ieu kasempetan urang pedar perkawis "amar ma'ruf nahi munkar". Ieu hal teh sumberna Alquran sareng hadis anu sipatna dogmatis, leresna henteu dicangcayakeun.

Numutkeun Alquran surat Ali imron, ayat 110 nu hartosna, "*Anjeun teh umat anu pangsaena, anu ditempatkeun cfi tengah-tengah jalmi pikeun mingpin kana kasaean tur nyegah kana kamunkaran, tur percanten pinuh ka Alloh.*"

Tina eta ayat aya dua hal anu patali sareng "amar ma'ruf nahi munkar", nya eta kahiji mingpin kana kasaean, ngajak midamel kasaean; sareng kadua nyaram kana kamunkaran, nyegah atanapi nebihan midamel hal-hal kaawonan.

Ieu ayat teh aya patalina sareng Alquran surat Lukman ayat 17 anu hartosna, "*Anaking, adeg-adegkeun sholat, ajak jalmi supados midamel kasaean; cegah aranjeunna midamel kaawonan atanapi jahat; sing sabar kana hal anu karandapan ku anjeun; saestuna nu kitu teh kalebet kana hal anu diparentahkeun ku Alloh.*"

Dumasar kana eta ayat, aya dua hal nu patali sareng "amar ma'ruf nahi munkar", hiji midamel kasaean, sareng dua nyegah midamel kaawonan.

Dua ayat tadi dirojong ku hadis Tirmidzi ti Hudzaifah ra., ti Kangjeng Nabi Muhammad sw., nu hartosna, "*Demi Alloh, anu jiwa kuring aya dina kakawasaan-Na, anjeun kedah leres-leres miwarag kana kasaean tur nyegah kamunkaran (kaawonan); atanapi upami henteu, Alloh pasti bakal nibankeun siksaan ka anjeun, saterasna upami anjeun ngadu'a ka Alloh mangka moal dikabulkeun eta du'a teh.*"

Keterangan di luhur janten padoman kanggo urang, supados tiasa nyaliksik tingkah paripolah urang pribadi. Urang damel tutulus eta katerangan teh dina hirup sareng kahirupan urang supados urang midamel kasaean tur nebihan rupi-rupi padamelan awon, sapertos pitnah, sirik, jail, kaniaya.

Jalmi anu teu taat, teu ngalaksanakeun, "amar ma'ruf nahi munkar", teu ngajak kana kasaean tur teu nyegah kana kaawonan diancam dua hal, nya eta kahiji Aloh bakal nibankeun siksaan; sareng kadua du'ana moal dikabulkeun.

Jangji Alloh moal sulaya, jalmi nu taat ka Alloh ka rosul-Na pasti kenging ganjaran

nu satimpal sareng amal. Kitu deui sawangsulna.

Ganjaran atanapi siksaan pasti bakal tumiba ka nu gaduh amal, henteu di dunya, pasti di aherat. Moal aya anu tiasa nolak kana kakawasaan Alloh.

Mugia Alloh maparin kakiatan ka urang supados urang tiasa ngalak- sanakeun 'amar ma'rup nahi munkar'.

Amar ma'rup tahap dasar di antawisna ngucapkeun salam ka papada umat, silih hapunten kalepatan/kakaliruan. Mungguh anu tahap luhur mah tangtos kedah luyu sareng firman Alloh, sapertos kedah solat, sabar, sareng paripolah sae.

Nu saena eta ti Alloh ngalangkungan Kangjeng Nabi, anu lepatna, kalepatan abdi. Mugia Alloh ngahapunten, tur mugia urang kenging par,ang- tayungan Alloh, kenging tempat nu sae numutkeun Alloh, boh di dunya, boh di aherat. Amin.

Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Amar ma'rup nahi munkar teh
 - a. Ngajak migawe kahadean tur nyegah kana kagorengan
 - b. Jalma nu taat ka Alloh katut ka rosul-Na pasti meunang ganjaran
 - c. Ganjaran atawa siksaan pasti katarima ku nu boga amal
 - d. Moal aya anu bisa nolak kana kakawasaan Alloh
2. Conto amar ma'rup nahi munkar tahap handap
 - a. Silihampura jeung papada manusa
 - b. Jadi pamingpin kana kahadean
 - c. Siksaan jeung du'a nu teu dikabul
 - d. Jiwa kuring aya dina kakawasaan Alloh
3. Katangtuan amar ma'rup nahi munkar jadi padoman pikeun
 - a. Nyaliksik tingkah paripolah urang sangkan migawe kahadean
 - b. Kahirupan di aherat sabab jangji Alloh moal sulaya
 - c. Sakur amal bakal aya balitunganana
 - d. Alus numutkeun Alloh, boh di dunya, boh di aherat

Jawab ieu soal!

4. Alquran surat Ali Imron, ayat ... eusina patali jeung amar ma'rup nahi munkar.
5. Alquran surat Lukman ayat 17 eusina patali jeung ...

2. Sempalan Carita Pondok

Tujuan:

16. Siswa mampu membaca dan memahami isi karya sastra Sunda serta mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

AHMAD

.... Hirupna ukur dikempit ku indung, tapi budak teh rancage jeung ngarti kana kasehatan. Kitu deui, ngurus pakean sorangan henteu kudu dititah. Pikayungyuneun padahal kakara kelas hiji SMP.

Sanajan Ahmad getol kana gawe, tapi ari sakola mah tara tinggaleun. Sakur pancen ti sakola ku manehna dipigawe, diajarna getol, malah ti SD-na oge mindeng narima hadiah juara kelas.

Ahmad teh ngajina di kiai pasantren. Ku bapana waktu hirup keneh dititipkeun ka eta kiai. Anggang imah ka pangajian teh henteu pati jauh, kira-kira aya kana lima ratus meter. Ti Asar nepi ka Magrib anu dihususkeun diajar ngaji ku Ahmad di dinya.

Pareng Ahmad boga kahayang, hayang miara lele jeung memener kandang hayam, ngan henteu katanagaan ku sorangan, antukna menta bantuan deui ka para santri batur sapangajianna.

"Kiai oge ngidinan, basana, 'Pek bae ka daritu, itung-itung lalibur'. Komo we keur para santri barungaheun, da eta bae dina kobong aya nu ngagagandong Ahmad sagala," ceuk Ahmad waktu cacarita ka indungna. Sidik Ahmad mah santri ge anak bawangna, ma'lum pangbudakna.

Indung Ahmad katelah jalma barahan jeung akuan, matak rea jalma anu resepeun, kaasup para santri. Nyaho anakna rek ngagawekeun deui santri, ti anggalna keneh geus pakpikpek oolah nyieun pupulur keur nu digarawe, minuhan teko ku cai enteh manis, da bisi enya aya nu teu sasarap heula. Barang jieun oge rada direaan, aya boled dikulub, aya ketan dibungbuan, sampeu ge direka-reka.

.... titinggal almarhum cukup pikeun modal budak hiji mah, ongkoh bisa ngurusna, batan beak kalah nambahan. Imahna sakitu mah kaitung weweg jeung genah nyanghareupan jalan gede, najan mobil masih keneh langka ngaliwat. Perenahna mencil di sawah, matak waas tetenjoan, komo dewi sri sumedeng reuneuh, ngemploh hejo satungtung deuleu, dipapaes rajegna tatangkalan, runggunukna dangdaunan jeung dipager ku gunung- gunung. Sabudereun imah teh pinuh ku tutuwuhan, sarupaning ubar-ubaran jeung sayur-sayuran, jeung raresikna deuih pikabetah- eun, pantes meunang sesebutan imah sehat teladan, tuladeun masarakat.

Rebun-rebun Ahmad ngosrek ngasahan bedog, peso, jeung ngikiran pacul katut ragaji, pedah eta pakarang kabeh rek dipake.

Tina jandela kamar, indungna anteng ngawaskeun Ahmad keur ngasah sisi balong handapeun tangkal jeruk. Hate indungna bangun nu bungah, reueus pacampur jeung sedih. Cipanonna merebey diantep maseuhan pipi. Potret almarhum anu dipasang ku Ahmad dina luhureun meja diajarna mindahkeun perhatian indungna harita. Potret almarhum teh disampeurkeun ku indung Ahmad, diteuteup leleb naker, dipapay diusapan, tuluy ditangkeup diteueulkeun kana dadana. Batinna ngarakacak, jumerit, pedah anakna acan sawawa kudu geus nanggung resiko anu beurat. Cipanon indungna murubut teh Ahmad mah henteu nyahoeun, kalah ngaganti asahan ceg kana kikir jeung ragaji.

Huntu ragaji hiji-hiji digesrekan dikikir ku Ahmad. Sora kikir jeung ragaji nu diulinkeun ku Ahmad laun-laun nyeser nyingraykeun tur marengan kumalayang lalamunan indungna. Rarasaan indungna harita teh bet asa enya anu keur ngikiran ragaji teh salakina. Pangalaman nu sejenna oge bruh-breh nungtut narembongan. Dina sela-sela cipanon sakapeung nyelap gelenyu imut nu lucu. Beuki lila ngajentul, beuki cus-cos pipikiran. Indung Ahmad kaburu kagareuwahkeun ku nu aruluk salam di tepas. Manehna gancang nyusutan cipanon, tuluy ngoreleng ka hareup ngabageakeun anu daratang.

Santri ondangan Ahmad rempeg minuhan rohangan hareup sarila nyanghareupan dadahareun nu ngahaja geus dilayahkeun. Di dinya Ahmad pepeta ngabagi pancen....

Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Lembaga pendidikan nu jadi sumber ajaran moral nu dipingpin kiai
 - A. sakola
 - B. pasantren
 - C. kursus
 - D. les
2. Kagiatan nu dilaksanakeun pikeun nguatan moral hade
 - A. nyieun kandang hayam
 - B. melak lele
 - C. ngabantu jalma nu lemah
 - D. diajar ngaji
3. Sikep Ahmad dina wacana di luhur
 - A. getol gawe rajin ngala elmu

- B. ngawasa indung jeung babaturan
- C. akuan ka semah
- D. hormat ka indung bapa

Jawab ieu soal!

4. Naon maksud Ahmad menta bantuan deui ka para santri batur sapangajianna?
5. Naon sababna indung Ahmad katelah jalma barahan jeung akuan?

3. *Sempalan hlovel Budak Teuneung*

Tujuan:

16. Siswa mampu membaca dan memahami isi karya sastra Sunda serta mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

GELUT

.....
Bareto samemeh Asep Onon tigebrus kana sumur, tara pisan daekeun ulin jeung Si Warji, sumawona reureujeungan mah, sakalian dideukeutan oge mani sirikna teu nyingkirkeun bae. Ari ayeuna sanggeus Asep Onon dijait tina balai, jadi pohara deudeuhna ka Si Warji teh. Unggal poe upama Asep Onon balik ti sakola, sok nyampeur ulin ka Si Warji, malah sok kikiran sagala, aya kueh-kueh, aya bubuahan atawa naon bae.

Ku sabab eta, barudak nu sejen, urut babaturan Asep Onon jadi kacida sirikeunana teh. Komo Si Utun jeung Si Begu mah ka Si Warji teh kawas ka satru kabuyutan bae.

Lamun Si Warji dikirim kadaharan ku Asep Onon, heug kanyahoan ku Si Utun atawa Si Begu. pohara disindiranana. Majar maneh teh, 'Lah, ku tugenah ari nu kokoro manggih rriulud." Tapi ngaromongna kitu teh, teu wanieun ari ti kadeukeutan mah, sumawonna hareupeun, da kawanina ngan ukur ti kaanggangan bae.

Dina hiji mangsa Si Warji nguseup di Muara Leuwitarik di sisi kebon awi. Harita nguseupna teu wudu rada rnujur, beubeunanga- nana meh satengah kempis. Laukna aya iele, beunteur, keting, jeung lauk emas.

Waktu keur jongjon nguseup, jebul Si Utun jeung Si Begu da- ratang, rek marandi kokojayan di eta leuwi.

Barang eta budak nenjo Si Warji cindekul di sisi leuwi, tuluy manehna tingrandeg.

"Gu, nya ayeuna silaing kudu nohonan jangji teh, euy!" cek Si Utun bari ngaharewos.

"Kumahakeun eta umat teh ku urang?" cek Si Begu. "Dodoho, tuluy jongklokkeun kana leiwi!" cek Si Utun.

"Atuh leuwih hade ku duaan, bisi teu katanagaan ari ku dewek sorangan mah."

"Hayu, tapi sing ati-ati euy, lalaunan leumpangna!"

Tuluy eta dua budak tingketeyep, leumpangna jejengkean, ngadeu- keutan kana tonggong Si Warji.

Demi Si Warji, ku sabab keur pogot nguseupna, pikiranna, panonna, jeung dedengeanna teh ditamplokkeun kana useup bae. Nepi ka teu kanya- hoan, yen aya nu rek nyilakakeun.

Si Utun jeung Si Begu, sanggeus aya di tukangeun Si Warji tuluy silih kiceupan.

"Heup!" -- gujubar -- kerelep - Si Warji titeuleum kana jero leuwi.

Eta dua budak berelet lalumpatan, karepna rek nyumput ka saimah- imahna. Tapi kakara oge sawatara langkah lumpatna, ujug-ujug jol Asep Onon tina dapuran awi. Gabrug ngarontok ka eta dua budak, ger gelut tiluan papuket, silih rangsang, silih teunggeul, jeung silih beubeutkeun. Asep Onon mindeng pisan kabeubeutkeunana,

lantaran dihurup ku duaan. Ngan bubuhan wanian bae, tara eleh ku atah-atah, kawasna kajeun paeh batan eleh, sakitu dikekesek jeung diperekpek ditonjokan ku duaan teh, kuat keneh ngalawan.

Lila-lila Asep Onon ripuheun, dibeubeutkeun ku Si Begu, nepi ka nangkuban, tuluy pada narumpakan jeung ditonjokan. Sabot kitu, jebul Si Warji, datang papakeanana rancucut. Gabrug eta dua budak teh dirontok, tuluy didengkek beuheungna, Si Utun ti kenca, Si Begu ti katuhu.

Asep Onon korejat hudang, tuluy nonjokan Si Begu ku peureup katuhu, Si Utun ku peureup kenca. Atuh Si Utun jeung Si Begu teu barisaeun ngalawan, ngan bati roroesan leungeunna bae, kawas leungeun nu palid.

"Hayoh Ji, dengkek bae sing tarik, ulah dilesotkeun," cek Asep Onon.

"Ampun Sep, ampun!" cek eta dua budak.

"Silaing ulah menta ampun ka dewek, kudu ka Si Warji!"

"Aduh, ampun euy! leu dewek eungap! Geus lesotkeun euy! Dewek moal deui-deui ngunghak campelak ka silaing!" cek Si Utun.

"Moal dilesotkeun mun silaing tacan ngaku mah! Saha nu ngetepel dewek di sawah?"

"Dewek." cek Si Utun.

"Moal deui-deui silaing?"

"Saha nu ngaheureuyan munding nepi ka sina ngamuk?"

"Dewek." cek Si Utun.

"Kurang ajar, jahat siah! Telenges!" cek Si Warji, bari tuluy eta dua budak dibeubeutkeun kana taneuh.

....

(Tina Budak Teuneung, 1982:36-40)

Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Sikep Asep Onon ka Warji robah tina sikep goreng kana sikep hade sanggeus Asep Onon ku Warji.
 - A. tigebrus kana sumur
 - B. dijait tina balai
 - C. disampeur ulin
 - D. kikiran kueh jeung buah
2. Sikep sirik nu aya dina diri Begu jeung Utun
 - A. malindes ka nu sirikna
 - B. nyilakakeun balarea
 - C. ku Asep Onon dilawan
 - D. teu ngarobah sikep Warji
3. Najan gawe babarengan ari dina pagawean salah mah angger cilaka. Dina wacana di luhur eta hal teh kaalaman ku
 - A. babaturan Asep Onon
 - B. Warji jeung Asep Onon
 - C. Begu jeung Utun
 - D. balad sakola Warji

Jawab ieu soal!

4. Jalma bener mah salawasna ditangtayungan ku Alloh, moal diantep nepi ka cilaka rosa. Conto tina wacana di luhur, Asep Onon waktu ditonjokan ku Begu jeung Utun, jebul aya nu ngabantuan
5. Najan awalna meunang, ari niatna goreng mah awal ahir ge bakal eleh. leu hal teh dina wacana di luhur karandapan ku

B. NULIS

Tujuan:

3. Siswa mampu memahami dan menggunakan ejaan bahasa Sunda dengan benar.
7. Siswa mampu memahami dan menggunakan jenis kata (warna kecap) dalam kalimat.

1. *Ngatur Eusi Laporan*

Eusi laporan teh rupa-rupa, gumantung kana kagiatan nu dilaporkeun. Laporan kagiatan pasanggiri bakal beda jeung laporan kagiatan observasi/panalungtikan, tur bakal beda jeung laporan kagiatan ceramah.

Eusi laporan (nu umumna digunakeun): bubuka (kasang tukang, masalah, tujuan, jste.), eusi (ngaran kagiatan, nu ngalaksanakeun, waktu, tempat, materi kagiatan, jste.), jeung kacindekan.

2. *Ejahan, Kecap, Kalimah, jeung Paragraf*

Laporan kudu disusun kalayan bener. Lian ti bener ngatur eusina, oge kudu bener: ejahan, kecap, kalimah, logika, jeung alinea/paragraf.

Kanyaho hidep perkara ejahan (aksara, angka, tanda baca), pilihan kecap, susunan kalimah kudu digunakeun. Kitu deui, logika jeung cara nyusun alinia kudu digunakeun, da geus diajarkeun ka hidep di kelas hiji.

3. *Warna Kecap Pancen: Kecap Panambah (Panganteb, Panganteur, Aspek, Modalitas)*

Dina wacana naskah 'Amar Ma'rup Nahi Munkar' aya kecap teh, atuh, bakal, jeung mugia. Eta kecap teh kaasup conto kecap pancen. Kecap pancen ngeunaan kecap panarnbah ngawengku: panganteb, panganteur, aspel"jeung modalitas.

A. *KECAP PANGANTEB*

Kecap panganteb gunana pikeun ngantebkeun anu dianggap penting. Conto kecap panganteb:

Conto:

bae/wae
deui
leuwih
oge
pisan
pohara- -na
tea
teh
teuing

- Saha bae nu ngajak kana bener eta kudu diturut.
- Ari geus latihan mah piraku salah deui.
- Leuwih alus eling sorangan batan kudu dielingan.
- Ceuk katerangan oge urang teh teu meunang ngagogoring batur.
- Gede pisan dosana pikeun jalma nu mitnah jeung muka aeb batur.

- Pohara untungna jalma nu bisa sodakoh jeung jariah.
- Nu iman teh nu teu bisa kagoda setan tea.
- Jajauheun teuing tahajud mah, atuh solat Subuh ulah kabeurangan!

B. *KECAP PANGANTEUR*

Kecap panganteur gunana pikeun panganteur nu ditulis/dicaritakeun. Conto kecap panganteur:

Conto:

bus
nyah
cat
atuh
jung
tah
gek
belewer
bray

- Bus asup ka masigit
- Cat naek kana mimbar
- Jung nangtung
- Gek diuk
- Bray nyaangkeun lampu
- Nyah beunta
- Atuh colohok da di dinya aya nu ngajega
- Tah, nu kitu nu pohoan teh
- Puguh duit, belewer dialungkeun kana tempat runtah.

C. *KECAP ASPEK*

Kecap aspek gunana pikeun panuduh kajadian/peristiwa.

Conto:

bakal
acan
eukeur
enggeus
mindeng
tara
osok
tereh

- Maot bakal kasorang
- Acan waktuna balitungan
- Eukeur usaha pibekeleun ibadah
- Eunggeus tobat
- Mindeng jariah
- Tara ngahalangan nu ngamalkeun ilmu
- Osok campur jeung ahli masjid
- Tereh bisa maca teh.

D. KECAP MODALITAS

Kecap modalitas gunana pikeun nere tangtungan/sikep kana hiji kaayaan.

Conto:

bisi
boa
henteu
jigana
piraku
rarasaan
muga-muga (mugia)

- Bisi poho kana tugas hirup, ulah poho hawaeun balik.
- Boa ka hareupna mah jadi jalma bageur tur wijaksana.
- Kuring henteu satuju ka nu mentingkeun urusan dunya wungkul.
- Jigana buatan manusa mah moal aya nu sampurna.
- Piraku jeung babaturan henteu siliisah, siliasih, jeung siliasuh.
- Muga-muga hirup urang tengtrem jauh tina pacengkadan.
- Rarasaan mah beresih singhareng dina awak teh loba kokotor.

Jawab ieu soal!

Susun laporan kagiatan maca nu eusina ringkesan:

1. Hutbah: Amar Ma'rup Nahi Munkar!
2. Carita pondok: Ahmad!
3. Sempalan novel Budak Teuneung: "Gelut"!

Catetan :

Laporan disusun make: ejaman anu merenah, kecap panambah (pai anteb, panganteur, aspek, jeung modalitas), jeung alinea anu ali Panjang unggal laporan sapuluh jajar.

C. NYARITA

Tujuan:

9. Siswa mampu memahami dan membedakan bentuk, isi, dan jenis karya sastra (puisi, prosa, drama).

Nyaritakeun Eusi Novel

Novel kaasup warna karya sastra modern (saperti carpon, sajak, jeung drama). Disebut karya sastra modern, pedah datangna ka Indonesia (kaas ayana dina sastra Sunda) teh anyar, beda jeung dongeng nu ayana ge lila.

Novel basa Sunda nu mimiti judulna Baruang ka nu Ngarora karang Daeng Kanduruan Ardiwinata taun 1914. Novel Sunda leuwih heula med na batan novel Indonesia. Novel basa Indonesia nu munggaran judulna Azab dan Sengsara karangan Merari Siregar taun 1920. Sempalan novel di luh novel Budak Teuneung karya Samsudi 1982 nu dipedalkeun di Bandu ku Bari Buana.

Novel ngabogaan lima ciri:

- 1) Caritana panjang dina wangun lancar
- 2) Caritana loba babagianana,
- 3) Loba palakuna,
- 4) Waktu nu kacatur lila, jeung
- 5) Umumna teu pamohalan (bisa katarima ku akal, boh palaku, tempat, waktu, jeung jalan caritana beda jeung dina dongeng anu ngandung unsur pamohalan, saperti kuya bisa ngobrol jeung maung).

Ciri ka-1, novel mah caritana panjang ditulis dina wangun lancar. Ku lantaran novel mah caritana panjang tea, atuh kecap anu ditulisna ge loba. Novel Budak Teuneung sagemblengna aya 61 kaca, anu disempat mah ngan lima kaca. Novel ditulis dina wangun lancar, henteu model wawacan anu sarua carita panjang ditulis dina wangun puisi. Dibacana oge novel mah nereleng, henteu model maca wawacan anu remen ngarandeg.

Ciri ka-2, carita novel loba babagianana (episode-na), saperti dina novel Budak Teuneung.

- Bagian (episode) ka-1:
Nyaritakeun Si Warji budak yatim
- Bagian ka-2:
Nyaritakeun Si Warji nganjuk beas nandonkeun baju
- Bagian ka-3:
Nyaritakeun Si Warji mangadu ka indungna lantaran dihina ku babaturanana, ngan ku indungna teu diwaro, ari Si Utun mangadu ka indungna naian salah, tapi dipangmeunangkeun ku indungna.
- Bagian ka-4:
Nyaritakeun katelengesan Si Utun, telenges ka sato, ceuli munding diasupan gaang. Munding ngamuk neunggar ka nu ngangonna (Si Adun) nepi ka maot.
- Bagian ka-5:
Nyaritakeun gelut, nu asalna Si Warji keur mancing disuntrungkeun ku Si Utun jeung Si Begu ka leuwi. Nu nyuntrungkeun digelutan ku Asep Onon anu geus ngintip ti tadina, Asep Onon kateter dibantuan ku Si Warji. Si Utun jeung Si Begu menta dihampura.
- Bagian ka-6:
Nyaritakeun Si Warji diangkat ku bapana Asep Onon pikeun jadi pangangon gaganti Si Adun. Si Warji bari ngangon diajar maca ti Asep Onon.
- Bagian ka-7: Nyaritakeun Si Utun sasar pikir sanggeus indungna maot, pakaya titinggal kolotna beak dipake judi. Si Utun jadi bangsat.

Jadi, novel mah loba babagianana. Sempalan di luhur ukur nyaritakeun sabagian arita tina novel gudak Teuneung disempal tina Opisode ka-5 nu nyaritakeun "Gelut".

Ciri ka-3, dina novel loba palakuna. Palaku nu aya dina sempalan novel di luhur: Asep Onon, Si Warji, urut babaturan Asep Onon, Si Begu, jeung Si Utun. Dina carita sagemblengna mah aya palaku: Lurah (Bapana Asep Onon), Emanan Si Warji, Si Adun, Ambu Ijem (Kolotna Si Utun), jeung nu sejenna.

Ciri ka-4, waktu anu kacaturna lila. Waktu dina sempalan novel dicaritakeun ti bareto, ti waktu Asep Onon tigebrus kana sumur, waktu Si Warji dimarusuhan ku Si Begu jeung Si Utun lantaran jadi balad Asep Onon. Waktu nu samemeh jeung sanggeus episode "Gelut" teu dicaritakeun.

Ciri ka-5, novel teu ngandung unsur pamohalan, boh palaku, tempat, waktu, jeung jalan carita t-h bisa katarima ku akal, henteu model dongeng. Dongeng mah ngandung

unsur pamohalan, saperti Sakadang Maung bisa sosobatan jeung Sakadang Kuya.

Upama ku urang ditengengetan eta sempalan novel teh ngandung unsur: tema, palaku, galur carita, latar, jeung amanat.

(1) Tema:

- Melak hade jadi hade

(2) Palaku:

- Si Warji, Asep Onon, Si Utun, jeung Si Begu

(3) Galur:

- Asep Onon asal ngewa ka Si Warji jadi malik asih sanggeus diangkat/ditulungan dirina waktu tigebrus kana sumur.
- Batur Asep Onon saririkeun, ptamana Si Begu jeung Si Utun remen ngajarahatan Si Warji.
- Si Warji nguseup dijongklokkeun kana leuwi ku Si Utun jeung Si Begu.
- Anu ngajongklokkeun teh digelutan ku Asep Onon. Asep Onon kateter dibantuan ku Si Warji.
- Si Utun jeung Si Begu eleh tur menta ampun sarta ngaku kana kasalahan.

(4) Latar:

- Latar Tempat: Sumur, imah Si Warji, Muara Citarik sisi kebon awi
- Latar Waktu: Bareto, ayeuna, dina hiji mangsa

(5) Amanat:

- Kudu akur jeung batur, daek tulung-tinulungan, jeung ulah sirik.

Tema sempalan novel teh ”melak hade jadi hade”. Eta tema bisa dijieun picontoeun pikeun tingkah laku kahirupan urang, yen pagawean hade gan- jaranna ge hade deui. Geuning Si Warji ge nyieun pagawean hade (nulungan Asep Onon waktu tigebrus kana sumur) nimbulkeun welas asih, bumela ti pihak nu ditulungan (ti pihak Asep Onon). Padahal samemehna mah Asep Onon tara pisan daekeun ulin jeung Si Warji, sumawona reureujeungan mah, sakalian dideukeutan oge mani sirikna teu nyingkirkeun bae.

Pagawean hade anu dipilampah ku Si Warji lain kerna arah-arahan, lain hayang dikirim kueh, lain hayang diajak ulin, tapi diniatan nulungan nu meunang kacilakaan (tigebrus kana sumur). Niatna kerna Alloh, tanpa pambrih. Diniatan/dinawaetuan ku nawaetu nu hade. Ganjaranana, di dunya keneh Alloh ngagilirkeun, malikkeun hate Asep Onon nu asal ngewa/ceuceub jadi bageur, jadi nyaah, jadi bela ka Si Warji. Jangji Alloh moal sulaya, jalma nu nyieun kahadean bari diniatan hade ganjaranna ti Alloh kahadean deui anu balipet-lipet.

Tema ”melak hade jadi hade” teh dikuatan ku amanat ”kudu akur jeung batur, daek tulung-tinulungan, jeung ulah sirik pidik”. Najan akur jeung batur, najan daek tulung-tinulungan, tapi lamun ditungtungan ku sirik, bakal datang siksa Alloh ka jalma nu sirik tea. Sirik teh ngewa ka batur, dumeuh batur meunang kauntungan atawa kasukaan.

Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Carita panjang dina wangun lancarana, loba babagianana, loba palakuna, waktu nu kacatur lila, jeung umumna teu pamohalan. Carita nu model kitu disebut
 - A. carita pondok
 - B. wawacan
 - C. novel
 - D. pantun
2. Sempalan novel Budak Teuneung bagian (episode) ”Gelut” ngandung tema
 - A. Nu beunghar ngawasa
 - B. Melak hade jadi hade
 - C. Nu sabar meunang pitulung

- D. Kakawasaan manusa aya watesna
3. Palaku nu dikaniaya teh manahoreng jalma bageur, daek tutulung, jeung jalma aya kabisa. Saha palaku nu dikaniaya dina sempalan novel Budak Teuneung bagian (episode) "Gelut" teh'?
- A. Si Warji
 - B. Si Utun
 - C. Asep Onon
 - D. Si Begu

Jawab ieu soal!

- 4. Tataan lima ciri novel!
- 5. Kumaha galur carita sempalan novel Budak Teuneung bagian (episode) "Gelut"?